

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ajén moral dina karya sastra nya éta mangrupa ajén bebeneran anu rék ditepikeun ti pangarang ka nu maca ngaliwatan karya sastrana, anu euyeub ku pesen moral anu raket patalina jeung sipat-sipat luhung kamanusaan. Ajén moral téh ngawengku pituduh ngeunaan sikep jeung paripolah nu aya hubunganana antara manusa jeung Allah SWT, hubungan manusa jeung manusa, sarta hubungan manusa jeung lingkunganana.

Téma anu kapanggih dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* téh aya dua rupa, nya éta téma sosial jeung téma moral. Téma sosial anu ngébréhkeun ngeunaan pasualan-pasualan hirup, saperti nyolowédorna salaki lantaran kagoda ku randa ngora. Salian ti éta aya deui pasualan-pasualan sosial anu jadi téma dina ieu wawacan, saperti jadi gundik, sukan sukan, jeung pelesiran méakkeun duit. Sedengkeun téma moral di dieu nyoko kana kalakuan anu kudu dilakukeun (moral hadé) sangkan meunang ganjaran anu hadé, kasatiaan bisa jadi ukuran pikeun munteun conto moral anu hadé nu tangtu bakal diganjar ku hal hadé ogé. Lian ti éta téma moral dina ieu wawacan, nyaritakeun rupa-ruoa kalakuan anu teu luyu jeung aturan/ norma, boh adat boh agama, katut pibalukareunana.

Amanat nu ditepikeun ku pangarang nya éta sangkan nu maca dina sikep, méré kaputusan jeung dina rék ngalakukeun hiji hal téh kudu dipikir-pikir heula

ulah dapon waé. Lantaran akibatna bisa goréng jeung matak kaduhung ahirna, kawas nu kaalaman ku Barata.

Palaku utama dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* nya éta Atikah sorangan. Anu jadi palaku tambahan nya éta Gan Barata, Dén Sumarni atawa Dén Eni, Tubagus Ahmad Marjuki, Dén Danu, Dén Karta, Nyai Mari, Idis, Babah, Nyi Éméh, Dén Teja, Ambu Karsih, Nyi Sariah, Mang Matri Utan, Jang Musa, Nyi Marsah, Abang Sirun, Nyi Épon, Nyi Iti, Radén H Mustapa, Cé Tohir, Po Naimah, jeung Abang Ali.

Dumasar kana sipatna, palaku téh kabagi dua, nya éta palaku antagonis jeung protagonis. Dina ieu wawacan, anu jadi palaku protagonis nya éta Dén Atikah, Tubagus Ahmad Marjuki, Dén Danu, Nyai Mari, Idis, Nyi Éméh, Dén Teja, Ambu Karsih, Nyi Sariah, Radén H Mustapa, Cé Tohir. Sedengkeun anu jadi palaku antagonis nya eta Gan Barata, Dén Sumarni atawa Dén Eni, Babah, Jang Musa, Nyi Marsah, Abang Sirun, Po Naimah, jeung Abang Ali.

Sanggeus *Wawacan lalampahan Dén Atikah* ditalungtik populasi, kaungkab rupa-rupa ajén moral, di antarana akuan aya 9 (5,1%), api-api aya 1 (0,6%), aralaya 1 (0,6%), asak jeujeuhan aya 1 (0,6%), asak tinimbangan aya 1 (0,6%), balaka aya 1 (0,6%), bedegong aya 2 (1,1%), béla aya 2 (1,1%), béréhan aya 2 (1,1%), bingbang aya 1 (0,6%), bingung aya 1 (0,6%), bohong aya 6 (3,4%), deudeuh aya 3 (1,7%), gampang kagoda aya 2 (1,1%), gampang karayu aya 1 (0,6%), gilman aya 1 (0,6%), guguan aya 1 (0,6%), hadé omong aya 1 (0,6%), haré-haré aya 1 (0,6%), hariwang aya 4 (2,2%), handap asor aya 11 (6,2%), hasud aya 1 (0,6%), hawek aya 2 (1,1%), husnudon aya 1 (0,6%), jembar hampura aya 1

(0,6%), kaduhung aya 15 (8,4%), karunyaan aya 4 (2,2%), katindes aya 1 (0,6%), korét aya 1 (0,6%), manjangkeun silaturahmi aya 1 (0,6%), materialis aya 2 (1,1%), menta hampura aya 1 (0,6%), mungpang aya 1 (0,6%), nalangsa aya 11 (6,2%), ngabobodo aya 1 (0,6%), ngahibur aya 4 (2,2%), ngajurung aya 1 (0,6%), ngalajur napsu aya 6 (3,4%), ngelingan aya 9 (5,1%), ngumbar amarah aya 1 (0,6%), paséa aya 1 (0,6%), pasrah aya 4 (2,2%), pegat pangharepan aya 3 (1,7%), perhatian aya 2 (1,1%), poho maot aya 1 (0,6%), poya-poya aya 1 (0,6%), rayuan aya 8 (4,5%), ridho aya 1 (0,6%), rumasaan aya 1 (0,6%), sabar aya 3 (1,7%), sadar aya 2 (1,1%), salingkuh aya 1 (0,6%), sasar diri aya 1 (0,6%), satia aya 4 (2,2%), sirik aya 1 (0,6%), sombong aya 1 (0,6%), sopan aya 11 (6,2%), sukuran aya 1 (0,6%), suudon aya 2 (1,1%), takabur aya 1 (0,6%), tara ibadah aya 1 (0,6%), tawekal aya 2 (1,1%), teu asak jeujeuhan aya 2 (1,1%), teu gampang kagoda aya 1 (0,6%), teu tanggung jawab aya 2 (1,1%), tobat aya 2 (1,1%), tuhu aya 1 (0,6%), jeung ujub aya 1 (0,6%).

Dumasar kana sipatna, ajén moral téh kabagi dua, nya éta ajén nu sipatna vértikal jeung ajén nu sipatna horizontal. Ajén moral nu sipatna vértikal aya 4 (2,2%). Sedengkeun ajén moral nu sipatna horizontal aya 174 (97,8%). Katitén yén indikator ajén moral nu sipatna horizontal leuwih loba batan indikator nu sipatna vértikal.

Indikator ajén moral nu kaungkab dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* ngawengku 178 indikator ajén moral. Kalawan éta indikator ngyangkaruk dina undur intrinsik, di antarana tema amanat jeung palaku katut watekna.

Ditilik tina cara pangarang nepikeun éta indikator, ajén moral téh aya nu diungkapkeun sacara nyamuni (implisit), aya ogé anu diungkapkeun sacara nembrak (éksplisit). Indikator ajén moral anu diungkapkeun sacara implisit aya 117 (65,7%), sedengkeun ajén moral nu diungkapkeun sacara éksplisit aya 61 (34,3%). Tina hasil panalungtikan *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*, katitén yén diungkarakeun sacara implisit leuwih loba batan nu diungkarakeun sacara éksplisit.

Indikator ajén moral anu aya dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* nu pangmindengna muncul nya éta handap asor aya 11 (6,2%), nalangsa aya 11 (6,2%), sopan aya 11 (6,2%), kaduhung aya 15 (8,4%), akuan aya 9 (5,1%), ngélingan aya 9 (5,1%), jeung rayuan aya 8 (4,5%). Anu pangleutikna muncul nya eta ajén moral negunaan api-api, aral, asak jeujeuhan, asak tinimbangan, balaka, bingbang, bingung, gampang karayu, Gilman, guguan, hadé omong, haré-haré, hasud, husnudan, jembar hampura, katindes, korét, manjangkeun silaturahmi, menta hampura, mungpang, ngabobodo, ngajurung, ngumbar amarah, paséa, poho maot, poya-poya, ridho, rumasaan, ralingkuh, rasar diri, ririk, rombongan, rukuran, takabur, tara ibadah, teu gampang kagoda, teu tanggung jawab, tuhu, jeung ujub. Éta indikator teh kabehanana aya 1 (0,6%)

Dina 915 pada, ngan aya 178 (19,5%) indikator ajén moral nu kaungkab dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*.

5.2. Saran-saran

Sanggeus nalungtik ngeunaan ajén moral dumasar kana téma, amanat, jeung palaku/watek palaku dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*, aya sababaraha hal anu perlu ditepikeun minangka saran.

1. *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*, ditilik dina eusina loba pisan ajén moralna. nu maca bisa nyokot hikmah tina éta wawacan, pikeun pieunteungeun dina milampah hirup sapopoé. Supaya urang ulah kawas tokoh dina éta wawacan, yén akibatna tina ngalajur napsu jeung kurang asak jeujeuhan téh goreng pibalukareunana, kaduhung moal ti heula. Ku kituna urang kudu sabisa-bisa nyingkahan watek nu teu hadé.
2. *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*, di jerona euyeub ku ajén-ajén moral. Anu maca ogé bisa nyokot loba hikmah tina kajadian nu kaalam ku tokoh, yén kalakuan anu hadé bakal dibales ku kahadéan, sabalikna lamun lampah anu cidra bakal meunang ganjaran saluyu jeung kagorénganana. Cindekna ieu wawacan euyeub ku ajén-ajén nu bisa dijadikeun boh pieunteungeun atawa picontoeun. Keur anu maca, ieu wawacan cocog keur bahan pangajaran di SMA nu keur sumedeng néangan jati diti, sangkan ulah kabawa ku pangaruh nu can karuhan, kabawa ku owah gingsir sangkan kalungguhan moral di masarakat urang bisa kuat deui.
3. Dina ieu panalungtikan masih kénéh loba kakurangan. Ku kituna bakal leuwih hadé, lamun aya panalungtik séjénna ngeunaan ajén atikan atawa agama, anu leuwih ti ieu panalungtikan. Ku kituna dipiharep ieu

panalungtikan bisa jadi motipasi pikeun panalungtik séjénna pikeun ngeuyeuban kakurangan tina ieu hasil panalungtikan.